



Enfòmasyon sou Doulè Kansè About Cancer Pain

Si ou gen kansè, ou ka enkyete pou gen doulè. Apeprè 1 moun sou 3 ki trete pou kansè ap santi doulè. Men kèk kansè pa lakòz okenn doulè fizik.

Doulè kapab afekte lavi ou nan anpil fason. Li kapab antre nan aktivite w ap fè chak jou. Li kapab difisil anpil lè fanmi ou ak zanmi ou yo pa konnen kijan ou santi ou.

Doulè kapab fè ou santi

Fatige

Deprime

Fache

Fasil pou fè kòlè

Poukont mwen

Estrese

Doulè kapab lakòz ou gen pwoblèm avèk

Aktivite chak jou ou

Enterè ou nan travay ak pastan

Dòmi ou

Fason ou manje

Relasyon ou avèk zanmi ak manm fanmi ou

Fason w ap jwi lavi ou

Doulè kansè kapab trete.

Gen anpil kalite metòd avèk medikaman ak metòd san medikaman ki kapab ede soulaje doulè ou. **Ou pa ta dwe aksepte doulè kòm yon pati nòmal lè ou gen kansè.** Chak moun santi doulè yo yon fason diferan. Si ou gen doulè, tretman pou li dwe efikas pou ou. Lè moun yo mete doulè a sou kontwòl, yo kapab mande ak dòmi byen, yo kapab kontan lè yo avèk fanmi yo ak zanmi yo, epi souvan y kapab kontinye avèk travay yo ak pastan yo.

Anpil moun pè pran medikaman pou doulè paske yo pa vle vin akoutimans pou medikaman yo. Sa ta ka ede ou konnen akoutimans ra anpil sou moun ki trete pou doulè kansè lakòz. Lòt moun yo pè move reyaksyon negatif yo. Men ekip swen sante ou kapab ede ou evite oswa kontwole pifò reyaksyon negatif yo.

Pou kisa moun gen doulè

Moun ki gen kansè ka gen doulè nan yon sèten kote nan kò yo, oswa yo ka pa santi yo byen anjeneral. Pètèt yo pa kapab alèz. Pafwa ou kapab gen doulè a akòz kansè k ap peze sou yon nè, zo, oswa ògàn nan kò ou. Tretman kansè ak reyaksyon negatif li kapab lakòz ou gen doulè tou. Oswa ou ka toujou gen doulè ki pa gen anyen pou wè avèk kansè a, tankou yon maltèt oswa atrit.

Fè doktè oswa enfimyè ou konnen doulè ou.

Se oumenm sèlman ki konnen ki kantite doulè ou genyen. Kèk moun ki gen kansè jwenn li difisil pou pale sou doulè yo. Li enpòtan pou fè doktè ou ak enfimyè ou konnen lè ou gen doulè. Si ou rete tann jouk lè doulè a vin grav toutbon sou ou, l ap pi difisil pou mete li sou kontwòl.

Ekipe bezwen swen sante ou bezwen konnen:

- Kilè doulè ou te kòmanse?
- Konbyen fwa ou genyen li?
- Ki kote ki fè ou mal?
- Kijan doulè ou fò sou ou?
- Kijan ou santi li sou ou? Èske li di, nuizib, ap lanse ou, estab, boule ou, elatriye?
- Kisa ki fè li grav, ak sa ki fè li pi byen?
- Kijan ou soulaje avèk medikaman w ap pran yo kounye a?

Mande doktè ou oswa enfimyè ou:

- Kisa ki lakòz doulè mwen?
- Kisa ou kapab ban mwen pou soulaje doulè mwen?
- Kijan ak kilè mwen ta dwe pran medikaman an epitou pou konbyen tan?
- Èske mwen dwe pran medikaman an avèk manje oswa likid anplis?
- Konbyen tan mwen ta dwe pran medikaman an pou li efikas?
- Ki reyaksyon negatif ki komen? Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen reyaksyon negatif?
- Kisa mwen ta dwe fè si medikaman pou doulè a pa ede mwen? Èske mwen kapab pran plis? Ki kantite?
- Èske medikaman pou doulè a limite aktivite mwen kapab fè, tankou travay, kondi, elatriye?
- Èske li bon pou mwen pran lòt medikaman mwen yo avèk medikaman pou doulè a?
- Ki lòt bagay mwen kapab fè pou ede soulaje doulè mwen?

Ou ta dwe konnen:

- Doulè kansè kapab prèske toujou soulaje.
- Tretman doulè kansè se yon pati nan tretman kansè ou.
- Pi bon fason pou kontwòle doulè ou se anpeche li kòmanse oswa anpeche li vin grav.
- Lè ou fè doktè ou oswa enfimiyè ou konnen doulè ou sa pa yon siy feblès.
- Ou gen yon dwa pou mande soulajman pou doulè.
- Moun ki pran medikaman pou doulè pou doulè kansè vin gen akoutimans raman pou medikaman yo.
- Pifò pa vin “hay” oswa pa pèdi kontwòl yo si yo pran medikaman pou doulè nan fason doktè yo di yo pou yo fè sa.
- Ou kapab kontwòle epi menm evite reyaksyon negatif nan medikaman pou doulè.
- Kò ou pa vin iminize nan medikaman pou doulè a. Medikaman ki pi fò yo pa ta dwe “konsève pou pita.”
- Medikaman pou doulè afekte moun nan anpil fason diferan. Yon dòz ki piti anpil ka efikas pou kèk moun, alòske lòt moun yo ka bezwen pi gwo dòz pou yo jwenn soulajman pou doulè yo.
- Se sèlman yon doktè ki ka ta dwe ba ou medikaman pou doulè. Si youn nan doktè ou yo chanje medikaman ou, li ta dwe asire lòt doktè yo konnen sa.
- Ou pa ta dwe kite lòt moun itilize medikaman pou doulè ou. Pa janm pran medikaman pou doulè yon lòt moun oswa pa janm kite lòt moun pran nan pa ou yo. Medikaman pou doulè ki te efikas pou ou lontan ka pa bon pou ou kounye a. Medikaman ki te ede yon zanmi ou oswa yon manm fanmi ou ka pa bon pou ou. Epiou kèk medikaman ka pa melanje byen avèk lòt medikaman w ap pran nan tretman kansè ou.

Ou responsab pou plan kontwòl doulè ou epi ou kapab chanje plan an nenpòt lè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pale avèk doktè ou sou doulè ou, swiv medikaman doulè ou, ak lòt bagay ou kapab fè pou kontwòle doulè ou, rele nou nenpòt lè, lajounen oswa lannwit, nan nimewo **1-800-227-2345**

Language: Haitian Creole

Last Medical Review: 11/17/2015

Last Revised: 11/17/2015

2015 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org